

АҚМАҚ ПАТША

Өткен күнлерге қарасам,
Билгенлерден ҳәм сорасам.
Айткан сөзлерин тыңласам,
Көп әламат болған екен.

Биреўлер жылап удайы,
Қырын қараған қудайы,
Түсип ығбал абырайы,
Иши дәртке толған екән.

Шағына жәтпей шалығып,
Шыбын жанын отқа жағып,
Көзинен қанлы жас ағып,
Өмири зая өткен екен.

Душпанына сырын айтпай,
Келген жерде сөзден қайтпай:
Досты күлдирип, муңайтпай,
Не бир мәрглер өткен екен.

Қарыўланып күшин жыйып,
Ары ушын жанын қыйып.
Халқының көз жасын тыйып,
Не ҳасыллар өткен екен.

Алынбай адам есапқа,
Шыдай алмай бул азапқа,
Нәлет айтып бийинсапқа,
Халық шуўлап посқан екен.

Ала жип салып мойнына,
Көз жасы толып қойнына,
Түсип сайыллық жолына,
Асан қайғы өткен екен.

Запыран болып жүзлери,
Жаўдырап еки көзлери,
Тыңланбай айтқан сөзлери,
Жийреншелер өткен екен.

Қайғы болып ханнан сыйы,
Қазан киби қайнап мийи,
Ишерге тамақ жоқ үйи,
Сансыз халық поскан екен.

Теңлик таппай, қорлық пенен,
Көрер күни тарлық пенен,
Ерки кетип зорлық пенен,
Көби айдаўда жүрген екен.

Сол қорлық азап арылмай,
Залымның таңы тарылмай,
Қара булт қақка жарылмай,
Бул заманға жеткен екен.

* * *

Әўелҳа болып атадан,
Туўдым меҳрибан анадан,
Шықтым илаҳий ханадан,
Бул фанийге болдым қонақ.

Шықтым көз ашып дүньяға,
Көз салып қыйыр—қыяға,
Кеткен еңбеклер заяға,
Көрдим оны бастан-аяқ.

Бир ғарры айтса әңгиме,
Ол сөз пайдалы деп кимге,
Зейин менен тыңлап ҳәм де,
Нәсийҳатқа қойдым қулақ.

Көп көрди көзим тарлықты,
Арқаланған аш халықты,

Сөйледим ҳәрўақ анықты,
Еткеним жоқ жалақ-жулақ.

Досты мунайткым келмеди.
Бирақ душпан жол бермеди,
Өссем, қылышын сермеди,
Артымда қоймаска туяқ.

Қылыш кесип путағымды,
Өрбитпеди урпағымды,
Сорлақ етти торпағымды,
Шөл шыққан болдым қыяқ.

Көзимнен ағып қанлы жас,
Ғамнан арылмай жумыр бас,
Гүл ҳәм шеңгелим аралас,
Қыя шөлге болдым қонақ.

Көрдим көз бенен нешшени,
Көп тәәжуб әндийшени,
Болдым бир елдиң шешени,
Бул басымда болмады бақ.

Менде болды ең жүйрик тил,
Ашылмады бағымда гүл,
Бийўақ сайран болдым бүлбил,
Ьостаным болмады бирақ.

Жүргенимде бундай болып.
Көп аралап елди шолып,
Кетти ишиме дәрт толып,
Түсип басқа аўыр салмақ.

Қарасам жасым жетипти,
Тис түсип, исим питипти,
Жигитлик бастан өтипти,
Геўгим тартып ояқ-буяқ.

* * *

Қолыма дуўтар алғанда,
Ақдәрья бетке барғанда,
Бир қыссаны оқығанда,
Көп яд етип, жүрдим, ойлап.

Көп жыллар ойлап жүрген соң,
Жаксы-жаманын билген сон,
Жасым еллиге келген соң.
Кеўил бердим, оған шынлап.

Жаздым бир жыл—он еки ай,
Қапалы кеўлим хош болмай,
Өз гәпиме кеўлим толмай,
Қәлем атын қуўдым қыстап.

Қәдиримди халық билер,
Халық билмесе балык билер,
Өлмеген сөзимди көрер
Ҳәм қәдирлер қолына услап.

Алтын ҳәр бир айткан сөзим,
Сөзим емес. олдур—өзнм,
Жумылғанша еки көзим,
Ҳәр ўақытта турар жайнап.

Қәте болса сөкпең, дослар,
Қәдирдан қурбы-курдаслар,
Бердимурат сөзин баслар,
Мәнисин көриң анлап:

I

Ийе болып алтын тахқа,
Зәҳәрин жайып сонша халыққа,
Салып көплерди қуллыққа,
Не патшалар өткен екен.

Қәлеўинше сүрип дәўран,
Ғәзийнеси болып әлўан,
Атағы асқан ғарры хан,
Көп жыллар сораған екен.

Күнлерден күнлер өткенде,
Жыл өтип, айлар жеткенде,
Жасы сексенге келгенде,
Патша аўырып өлген екен.

Ғарры хан дүньядан өтти,
Тажы-тахтын таслап кетти.

Улына патшалық жетти,
Улы тахқа минген екен.

Минди бала алтын тахқа,
Көп қуўанды келген баққа.
Айбалтаны услап шаққа,
Ата жолын қуўған екен.

Келди сонда онсегизге,
Түсти зулымлық минезге,
Бармақ пенен түртип көзге,
Күтә залым болған екен.

Қаҳәрленип белин буўды,
Тындырды ҳәм аққан суўды.
Атасының жолын қуўды,
Оннан да өткерген екен.

Болды қасында ақылгөй,
Тилеги оның—адам өлгей,
Арзы айтқанлар көп келгей,
Деп тилек тилеген екен.

Оқыды патша жасынан,
Кетпей молласы қасынан,
Таймады дәўлет басынан,
Талабы өрлеген екен.

Қансыз суп-сур болды жүзи.
Зәҳәр болды айтқан сөзи,
Дәўлетке тоймады көзи,
Күтә гөрқаў болған екен.

Келди сонда он тоғызға,
Зейни кетти сулыў қызға,
Айтты бул ойын биразға,
Ашықлыққа түскен екен.

Барлық халқыны жыйдырып,
Ҳүкимин жөнсиз сыйдырып,
Сыртынан неке қыйдырып,
Қырық сулыўды алған екен.

Нәпси не айтса, қашпады,
Елден қыз жыя баслады,
Барынша кеўил хошлады,
Арыўларды қушқан екен.

Жас еди барлық алганы,
Сыртынан неке қыйганы,
Жылады зорлық қылганы,
Көби азапта өлген екен.

Тоймады халықтың сулыўына,
Кейнинде ат қалыўына,
Үсти-үстине алыўына,
Патша талап еткен екен.

„Сулыў болса журттан асқан,
Рәўишли, шуғла шашқан,
Егленбестен барын услаң!"
Деп ол ҳәмир еткен екен.

„Сулыў жолына дүнья мал,
Айтқан сөзиме қулақ сал,
Бермесе, зорлап тартып ал,—
Патша ҳәмири!"—деген екен.

Жасаўыллар буны тыңлап,
Сөз жүйесин билип-аңлап,
Аламыз деп қызды таңлап,
Ел аралап шыққан екен.

Патша қалды макул көрип,
Ақ отаўдың артын түрип,
Қырық қыз бенен дәўран сүрип,
Ретме-рет қушқан екен.

2

Қосын тигип Қуўлы көлге,
Қосыла алмай қалың елге,
Шыжым талын буўып белге,
Бир балықшы жүрген екен.

Жаман қосы болып пана,
Ушырасып бундай ҳалға,

«АКМАК ПАТША»

Минип алып жекен салға,
Көлге аўын салған екен.

Суўы тасып, болса ойын,
Ақ балықтың көрип тойын,
Онлап, жүзлеп буға мойын,
Ол аўынан алған екен.

Қара қаслары қыйылған,
Сулыўлық даңқы жайылған,
Аўзы оймақтай ойылған
Жалғыз қызы болған екен.

Рең берген қоймай минди,
Шағылыстырған ай ҳәм күнди,
Жарық қылған қара түнди,
Мисли гәўҳар болған екен.

Шашы қара, жупқа додақ,
Бели бир қысым, ақ-тамақ,
Узын бойлы ҳәм кең қушақ,
Пери киби болған екен.

Келбетленип келген бойы,
Артық ҳәм де ақыл-ойы,
Болмай лекин ығбал тойы,
Өмири зая болған екен.

Атасына көмек болып,
Күни менен көлди шолып,
Бойға жетпей гүлдей солып,
Көп азаплар көрген екен.

Бир кеше ойнап-күлалмай.
Жайнатып кийим кийалмай,
Тең курдас пенен жүре алмай,
Елден ерек өскен екен.

Дәрттиң үстине дәрт болды,
Қаплады қайғы кеўилди,
Он жасында шешеси өлди,
Гүлим жетим қалған екен.

Жетим қалды анасынан,
Айрылды ол панасынан,
Көзи арылмай жасынан,
Қайғы менен жүрген екен.

Жолдас қылып қайғы-дәртти,
Жылап-сықлап күни өтти,
Толысты, Гүлим ержетти,
Атасы қартайған екен.

Кеўилде қайғы-әрманы,
Болмай басында дәўраны,
Кетип дизден ҳал-дәрманы,
Атасы картайған екен.

Атасының қалып көзи.
Запырандек солып жүзи,
Бир атаўда жалғыз өзи,
Ғарры атасын баққан екен.

Қызымның бахты ашылғай,
Үстине дүрлер шашылғай,
Өз сүйгеннне қосылғай,—
Деп ғарры тилеген екен.

Қызы кирлетпей кийимин,
Сорап күнде билмегенин,
Үйретип ол ҳәм билгенин,
Шүнкилдесип жүрген екен.

Қызы салып аў-дузағын,
Алды көлдиң ақ шабағын,
Ҳәм аш қылмады тамағын,
Ата ыразы болған екен.

Тыйып ғарры көздиң жасын,
Сәждесине қойып басын,
Берип қызға пәтиясын,
Ҳаққа дуўа қылған екен.

Қыз атасын қәдирледи,
Соқырлығын билдирмеди,
Кесе шөпке илдирмеди,
Пәкизелеп күткен екен.

Қыз тоқып жекен шыптаны,
Дүзеди қамыс шатпаны,
Таслады гөне лəттени,
Өз исине пухта екен.

Мəканлап көлдиң жағасын,
Қыспалап қамыс шатпасын,
Тоқыған шийин, шыптасын,
Ол қосына тутқан екен.

Шылымтал есип əкеси,
Усы болып етер иси,
Қосып күшлерин екиси,
Көп шыпта тоқыған екен.

Солайынша ол күнелтти,
Атасын тəрбият етти,
Тал шыбықтай бойға жетти,
Ақылы зийрек болған екен.

Қол-аяқ жипсиз матаўда,
Шүкир етип дени саўда,
Алты жыл усы атаўда,
Қыз ҳəм ата турған екен.

Кас қарайып, күн батқанда,
Жапалақ қанат қаққанда.
Қуслар уйқыға жатқанда,
Шаҳдан адам келген екен.

Ханнан келген жасаўыллар,
Елден сайлап қыз алғанлар,
Əззиге зорлық қылғанлар,
Бул атаўға келген екен.

* * *

Ҳақтан бир тилеп тилегин,
Көтерип қарап ийегин,
Дастық қылып ақ билегин,
Қыз қосында жатқан екен.

Бүлк-бүлк етип ақ тамағы,
Келбетленип кең қушағы.

Батып тулымда моншағы,
Бир қырынлап жатқан екен.

Өзинен басқа үйинде,
Еки аяғы төринде,
Әкеси байғус төринде.
Уйқыламастан жатқан екең.

Камыс қосының ишинде,
Уйқыда жатқанда түнде,
Жаман түс көрип түсинде,
Қыз күтә ҳаўлыққан екең.

Оратылып мойынына,
Қысым етип жас жанына,
Бир қара жылан қойнына,
Шубатылып кирген екен.

Кетпестей етип есинен.
Қанын қашырып түсинен,
Шақты сур жылан төсинен,
Қыз шоршып оянған екен...

Билди атасы бул исти,
„Қызым ойына не түсти,
Көрдиң бе жаман әбести,
Неге турдың?“,—деген екен.

„Көзим жоқ, мен бир соқырман,
Жерди қармалап отырман,
Пайманам толған пақырман,
Дәрт болмағай“,—деген екен.

Қапа қылмай қыз атасын,
Кушақлады сүйеп басын,
Сүртти төгилген көз жасын,
„Муңаймағыл“,—деген екен.

„Өзиңнен өлмесем бурын,
Бул исим кетпесе қырын,
Жан ата, табарман жөнин,
Қапаланба“—деген екен.

„Көтер атажан басынды,
Ағызба көзден жасынды,
Өлгенде көрген қызыңды
Қапа етпе",—деген екен.

Сол мәҳәлде айдай арыў,
Денесине жыйып қарыў,
„Бул жерлерге душпан дарыў,
Қыйын болар",—деген екен.

Қыз атасын жубатты да,
Жатқызды жайлап жайына,
Келип өзи де орнына,
Дастыққа бас қойған екен.

Шақырысқан бирин-бири,
Әжептәўир истиң түри,
Шапқан атлардың дүбири,
Қулағына келген екен.

Тикке турды төбе шашы,
Көрген түс келмеди қайшы,
Жайыўлы қалды қулашы
Дизден димар кеткен екен.

Дүрилдесип ушқандай қус,
„Ҳә қайдасаң, берман аўыс!",
„Қосы мында" деген даўыс,
Жақынласып келген екен.

Сол ўақта қыз бетин бурды,
Бир бәле боларын билди,
Есигин ҳәм иштен илди,
Тәмбини нық басқан екен.

Не айтса бәрин еситти,
Қоймай бекитти тесикти,
Тепти жаўшылар есикти,
Бузып кирмек болған екен.

Қыздағы күшин жыйнады,
Шыбын жанына қыйнады,
Үйинде нәрсе қоймады,
Бәрин тәмби қылған екен.

Соқыр ғарры да бүкшийип,
Салды қарыўыны кекшийип,
Бойын таслап, басын ийип,
Есикти услап турған екен.

Көп екен келген зулымлар,
Ай балтасын урды олар,
Иште қоркып турды булар,
Жанға қысым қылған екен.

Бақырады: „Есикти аш!
Ашпасаң еттик қуўырмаш,
Тез өлерсең жайып қулаш,—
Деп бадабат урған екен.

Жаў нийетин билди анық,
Шаҳдан келгенине қанық,
Тағы күшин жыйнады нық,
Есигин беклеген екен.

Шыдам бермей соңша күшке,
Еңбеклери кетип ешке,
Маңлайша қулады ишке,
Жасаўыллар кирген екен.

Бирден баслап бузық жолын,
Қарады да оңлы-солын,
Сулыў қыздың услап қолын,
Байламақшы болған екен.

Сонда қыз қатты жекирди,
Төрине қарап секирди,
Қолына балта көтерди,
Қатты қәҳәри келген екен.

Қорықты сол ўақта келгенлер,
Қосты бузып ҳәм киргенлер,
Көзи аларған менменлер,
Самсаз болып турған екен.

Деди қыз: „Қәне айтыңыз,
Барды қандай жумысыңыз?
Болмаса кейин қайтыңыз,
Бул не зорлық?“,—деген екен.

Сонда биреўи сөйледи:
—Бизлер шаҳдан келдик,—деди,—
Патша жиберди бизлерди,
Сизди сорап,—деген екен.

Еситтик сениң даңқыңды,
Гүлим қыз дерлер атыңды,
Билемиз ҳаслы затыңды,—
Деп марапат берген екен.

—Гөззал екенсең келискен,
Кеўлиңди өзиң берипсең.
Ханның түсине енипсең,
Апарамыз,—деген екен.

—Сизге ашық патшайымыз,
Сиз боласыз ханшайымыз,
Алтын сарайдур жайыңыз,
Шаҳым қушар,—деген екен.

Деди қыз сонда:—уятсыз,
Жүзлери қара иймансыз.
Ата-анасы қәдирсиз,
Сандаламаң!—деген екен.

—Уяты жоқ, пикири ала,
Айтып турған гәпин қара.
Қалай сыйласын пухара,
Сиздейлерди,—деген екен.

Айтып барын шахымызға,
Қулақ салсын аҳымызға.
Енди биздей жетим қызға,
Гезек жетип қалды ма екен.

Патшамыз не болған өзи,
Қатынға тоймай ма көзи,
Жақында алған қырық қызы,
Кемпир болып қалды ма екен?

Дуўай сәлем дең ханыма,
Қайылмыз жаўшыларына,
Қойсын мени өз ҳалыма,—
Деп қыз тилек еткен екен.

Жаўшы қайтпады райдан,
„Сен соншама шықтың қайдан?
Көпдур елде сендей шайтан“,—
Деп бәри умтылған екен.

Серлеп истиң питер жағын,
Салып булар айбарағын,
Силгей алмай жаў-жарағын,
Усламақшы болған екен.

Қыздың қолында балтасы,
Оң жағында тур атасы,
„Усы емес пе деп ортасы?“
Қыз керилип урған екен.

Балта тийген соң басына,
Келе алмай қыздың қасына,
Ҳәмде түсип шалқасына.
Жер қушақлап қалған екен.

Сонда бир жуўан қарыны,
Алмақ ушын ол арыны,
Бир урды соқыр ғаррыны,
Қыз абайсыз турған екен.

Ғарры пақырда не ҳал бар,
Сум өлимнен келди хабар,
Ақыретке етип сапар,
Ғарры пақыр өлген екен.

Айбатланып сулыў сонда,
Ағып кетти қызыл қан да,
Аярлық қалмады жанда,
Белди беккем буўған екен.

Урды керилип биреўин,
Таяқ қылып жан тиреўин,
Ендиги қалған екеўи,
Бетлей алмай турған екен.

Хан буйрығы билиң сондай:
Қыз асаў болса да қандай,
Ақ тәнине жара салмай,
Әкелесең,—деген екен.

Олар сонда есикти аштьı,
Қорыққанынан бәри састы,
Атларына мине қашты,
Илаж табалмаған екен.

Көл етип көзиниң жасын,
Жоғалтып Гүлим панасын,
Ақ жуўып марҳум атасын,
Көл бойына қойған екен.

3

Арадан өтти алты күн,
Қайғылы болып қара түн.
Тағы шықты бир сумлық үн,
Қыз қосында турған екен.

Аярлық енди не қалды,
Кеўли тағы дәртке толды,
Және бир топ жәллад келди,
Патшасы жиберген екен.

Келди патшадан жәлладлар,
Менменсиген ол шәддатлар,
Гүлимди услап алдылар,
Ҳәм атқа өңкерген екен.

Апарды уллы шәҳрине,
Кеўлин толтырып зәҳрине,
Қосты қызлардың бәрине,
Қыз капесте турган екен.

Өне бойы қанға батқан,
Саў басын саўдаға шатқан,
Ерксиз матаўда жатқан,
Ол да өзиндей бир қыз екен.

Қыз бенен танысты Гүлим,
„Сыныққой сениң де түриң.
Яки курдас, яки сиқлим,
„Гүнайың не?“ деген екен.

—Апажан, сорама оны,
Ашылмас ыбалым соры,

Залымханның қызып жоны,
Елден таңлап сулыў жыйды.

Қойдай шуўлатты халықты,
Ҳәм де көрсетпей жарықты,
Түсирди басқа тарлықты,
Бираздың желкесин қыйды.

Мен бир гәданың қызы едим,
Ата-анамның жулдызы едим,
Шаҳ алдырды, бунда келдим,
Ийт көрмесин көргенимди.

„Шаҳымыздың кеўли қасте,
Тән бағыш ет-деди кеште“...
Жасым, апажан, он үшке,
Быйыл ғана жеткен еди.

Арзымды айттым усылай деп,
„Атажан“ деп жалындым көп.
Қоллы болған қызын излеп,
Ата-анам келген еди.

Душпанларымды күлдирди,
Зулымлығын ол билдирди,
Ата-анамды өлтирди,
Сарайына кирген еди.

Ата-анам өлгеннен соң,
Қызыл гүли солғаннан соң,
Жалғыз өзим қалғаннан соң,
Бағыш етпедим тәнимди.

Ҳеш бир тилимди тартпадым,
Тайынып сөзлер айтпадым,
Қарсы турдым да қайтпадым,
Бул қапеске салды енди“.

Дегенинде бул да айтты,
Болған барлық әламатты,
Патшадан көрген азапты,
Бастан баян еткен екен.

Жасқа толтырып қыз көзин,
Елеслетип сол ўақ өзин,
Гүлимниң айтқан ҳәр сөзин,
Аҳ урып тыңлаған екен.

Сол ўақытта келди биреў,
„Алдыма түсиңиз дәрриў,
Шаҳымызда ис бар зәриў!“...
Деп уятсыз күлген екен.

Бурынғы қызды қалдырды,
Есигине қулып салдырды,
Гүлимди патша алдырды,
Шырайын көрмеген екен.

Патша көрди қыз келбетин,
Қаслары қыяқ зийнетин,
Баслады ҳарам нийетин,
Қузғын киби бүрген екен.

Қызға айтты патша сонда,
—Келиссиз сулыў, булманға,
Айтарлық неңиз бар ханға?...
Деп бир саўал қойған екен...

Қыз айтты сонда:—Ханымыз,
Қыйналды шыбын жанымыз,
Ҳәм де жеткен жоқ жасымыз,
Мәўлет берин,—деген екен.

—Қыял етпең бузық иске,
Абырайыңды алғыл еске,
Бул ислер жарамас сизге,
Сиз патшамыз,—деген екен.

Сол ўақта патша бақырды,
Әсби жәлладын шақырды.
Ол келип көп ҳийле қурды,
Қызды бийҳуш еткен екен.

Қол-аяғын керип услап,
Бузық ислерини баслап,
Шаҳ қызға өңменин таслап,
Жылан киби шаққан екен...

Есин жыйып келер күни,
Шықты қыздың зорға үни,
Казан урып кеўил гүли,
Дәртке дәрт уласқан екен...

* * *

Қызға патша неке қыйды,
Ҳаял етип тезден алды,
Барынша кеўлин хошлады,
Сөйтип дәўран сүрген екен.

Ақылға салмады ойлап,
Сум нәпсин бир жуўҳа жайлап,
Ел аралап, сулыў сайлап,
Қырық бир қызды алған екен.

Қысымы артып дозақтан,
Қысылды халқы азаптан,
Жермен көбейип жән-жақтан,
Сүлик киби сорған екен.

Халық көнбеди зорлыққа,
Түскенсоң күни тарлыққа,
Шыдамады бул қорлыққа,
Ҳәмме күшин жыйған екен.

Патшаға арзын айттылар,
Теңлик табалмай қайттылар.
Биразы басын қостылар,
Ханға қарсы болған екен.

„Инсабы жоқ, ҳей әдилсиз!
Өлер болдық қорлықтан биз,
Ушыраттың бәле мың да жүз“,—
Деп патшаға айтқан екен.

Патша жаман қәҳәрленди,
Уўын жайып зәҳәрленди,
Халқының қыялын билди,
Дарды беккем қурған екен.

Арыз айтқанды услап алды,
Мойнына қыл шылбыр салды,

Қарқыратып малдай шалды,
Халықты жаман қысқан екен.

Жылға, сайға ақты қанлар,
Қыйылды гүнасыз жанлар,
Отқа қарылды табанлар,
Темир тамға басқан екен.

Қарсы шыққанын өлтирди,
Табанларын тилдирди,
Үш ағашына илдирди,
Халық шуўлап посқан екен.

Адам өлди, қан төгилди,
Бийгүна гелле кесилди,
Жипектей шашлар есилди,
Мал орнына кеткен екен.

Адамзатты қосып қоска,
Көзлерди толтырып жаска,
Сонлықтан халық тум-туска,
Жайын таслап көшкен екен.

Сөздиң әнжамын айтқанда,
Тағы дәртти молайтқанда,
Әдиллик жоқ патша-ханда,
Усылай халықты қысқан екен.

4

Патшаның қырқ бир зайыбы,
Перзент болмады айыбы,
Тилеклер тилеп ғайыбы,
Перзентке зар болған екен.

Дүньяның жүзи тар болды,
Патша перзентке зар болды,
Кеўлин кернеген шер болды,
Жасы еллиге келген екен.

Келгенше усы жасына,
Перзент ермеди қасына,
Дәрт сыймады ханасына,
Патша ашыў еткен екен.

„Перзент калмаса изимде,
Не мәни болар сөзимде,
Төмен етпегей жүзимди“—
Деп патша налыған екен.

„Келдим мине елиў жасқа,
Перзент көрди меннен басқа.
Қаҳәрим өтти қара тасқа,
Пайдасы не?“ деген екен.

„Алдым елден арыў таңлап,
Куштым сулыўларды сайлап,
Атан түйе болдым жайдақ,
Не сәним бар?“,—деген екен.

„Сийнементлеп жүйрик миндим,
Журт сүймеген сулыў сүйдим,
Ийт жүгиртип, салдым туйғын,
Аяқ баўын безеп жезден.

Малыма мал қостым бәрҳа,
Тилла көшки сарайларда,
Қаст еткенди астым дарға,
Қара жерди қазып дизден.

Кеш емесдур талап қылсам,
Және ҳәм сулыўлар алсам,
Ҳақ жарылқап уллы болсам“,—
Деп патша ойлаған екен.

„Бар етсе сол қыялымды,
Шашайын дүнья-малымды.
Улды туўған ҳаялымды,
Ақ мамыққа оратайын.

Қыз мийрасы болар кимниң?
Көрсетпегей қыз туқымын,
Қызды туўған қатынымның
Басын кесип туўратайын!“

* * *

Патша усылай серт қылды,
Сол сертине үш жыл болды,

Гүлим сулыў жүкли болды,
Хан буны сезбеген екен.

Буны билди қырық бир қатын,
Туўмай атып қойды атын,
Жайып ҳәммеси канатын,
Тилегин тилеген екен.

Алды-артыны серледи,
Сыртқа олар сыр бермеди,
Патшасына билдирмеди,
Қупыялап күткен екен.

Аралан жаўды қуўғандай,
Бир иске белин буўғандай,
Ҳәммеси бирден туўғандай,
Бирлесип толғатқан екен.

Бир күни бәри жыйналды,
Отырып ҳәмме ойланды,
Биреўи сөзге сайланды,
Ҳәмде былай деген екен:

—Қәне, досларым бурын биз,
Жүр едик жылап перзентсиз,
Тилек тилейик мың да жүз,
Қабыл болғай,—деген екен.

—Сездирмейик ҳеш бир жанға,
Айтпайық ҳәм буны ханға,
Ислер кетпесин жаманға,—
Деп ойласық қылған екен.

Патшамыздың пейли жаман,
Ашыўланса түсер думан.
Ақ жарылқап туўса аман,
Билдирермиз,—деген екен.

—Ақ жарылқап ол көз жарса,
Гүлимжан ҳәм уллы болса,
Өлмей жаны аман қалса,
Билдирермиз,—деген екен.

Биреўи айтты сол ўақытта:
—Болайық курдаслар, пуқта.
Жатыр бул перзент курсақта,
Патша оны сезбеспе екен?..

Патша қызды жақтырмайды,
Оны аман да қоймайды,
Қан ишер қанға тоймайды,
Буны ойлаң,—деген екен.

Соның ушын ҳийле табың,
Гүлимге көрпени жабын,
„Қасте“ деп аўлақта бағың,
Мәсләҳатым,—деген екен.

Сол күннен баслап ақ тамақ,
Шашы сүмбил юпқа додақ;
Қуўанышта болып куўнақ,
Айын, күнин күткен екен.

Хызметкер қул, аты Зәриў,
Шақырсалар келди дәрриў.
Керегин ҳәзирлеп бериў,
Оның иси болған екен.

Зәриў ғарры хызмет етти,
Айтты ҳаяллар рахметти,
Аянбай қылды хызметти,
Қәдирданлы болған екен.

Туўмаған баланы туўып,
Ыйжан ислеп, майсек уўып,
Баслады курсақ шашыўын,
Ҳаяллар шағласқан екен.

Катынлар кеўлин хошлады,
Палаўға табақ шашлады,
Гүлимди ҳәм аласлады,
Көп ырымлар еткен екен.

* * *

Күнлерден күнлер өткенде,
Тоғыз ай он күн жеткенде,

Мүддетли күни питкенде,
Гүлимхан толғатқан екен.

Билдирмеди басқа жанға,
Хабар бермедилер ханға,
Туўар болды келер таңға,
Ҳәммеси жыйналған екен.

Бақан қурды ақ отаўға,
Етпеди ҳәм артық ғаўға,
Жүўен керип асылыўға,
Бәрин ҳәзирлеген екен.

Жүўен қыстырды бақанға,
Барды Гүлим де солманға,
Жаман батты шыбын жанға,
Толғақ қатты болған екен.

Еки аяғын көсилди,
Жипек шашлары есилди,
Гезек-гезек тартты белди,
Қырық қатын отырғаи екен.

Гүлим туўлады сазандай,
Қайнады мийи қазандай,
Қызыл гүллери солғандай,
Ақ жүзи сарғайған екен.

Қатты болды ашшы толғақ,
Жарылды еринлер қақ-қақ,
Қырқ перийзат ашыл қушақ,
Көп пәрўана болған екен.

„Мен шықпайман бул дүньяға,
Нем бар күйикли дүньяда,
Тыныш жатаман уяда“,
Деп перзент шырлаған екен.

„Мен күйикпен сизлер ушын,
Қуўанбаңлар менин ушын.
Кеткеним жақсыдур қыршын“,—
Деп перзент туўлаған екен.

Гүлимжан есинен танды,
Қырқ перизат корқып қалды,
Бир ўақта зорға дем алды,
Толғақ қатты болған екен.

Ҳәмме тилек тилеп турды,
Ай сәўлели, жүзи нурлы,
Пери киби бир қыз туўды,
Ҳәмме ҳайран болған екен.

Көтерип алды Ақбилек,
Танырқасты гезек-гезек,
Бул не болды бизиң тилек?,—
Деп ҳаяллар турған екен.

Салды жөргегин Ақжүзик,
Кең пейилли, бели нәзик,
Киндигин кести Үзилдик,
Киндик шеше болған екен.

Жубанбады шырлады қыз,
Ылақтай боп маңырады қыз,
Бир пәкизе куралай көз,
Шул дүньяға келген екен.

Қатынлар қайғыны жойды,
Қызды көрип кеўли толды,
Шашыўына бир кой сойды,
Зәриў жетип келген екен.

Гүлим де жыйнады есин,
Көрди перзентиниң түсин,
Не болар деп ақырғысын,
Көп ойланып күткен екен.

Болды сонда түнниң жарпы,
Ел уйқыда шала-шарпы,
Гүлимниң бурынғы қалпы,
Ҳеш өзгермей қалған екен.

Қыз туўдым деп қыйналмады,
Ул емес деп ынжылмады,
Бирақ қызы жубанбады,
Шырылдап жылаған екен.

„Неге шықтым сум дүньяға,
Мен не қылдым бир аллаға?
Жеткердиңиз усы ҳалға“,—
Деп аткандай болған екен.

Қырық қатын да ҳайран қалды,
Көрген соң бундай аўҳалды,
Жолына деп дүнья малды,
Био тилек тилеген екен.

—Ендиги сөз мынаў болсын,
Душпанлардың гүли солсын,
Досларымыз аман болсын,
Тилек усы—деген екен.

—Не ис болса да көрейик,
Тың-тыңлап қулақ түрейик,
Патшаға хабар берейик,—
Деп ойласық еткен екен.

—Патша қуўанар перзентке,
Жетер бүгин ол ниетке,
Ийе болдың зор ҳүрметке,—
Деп Гүлимге айтқан екен.

Қызды ҳәм ортаға алды,
Қырық перийзат нәзер салды,
Келбетине ҳайран қалды,
Пери киби болған екен.

Сызған екен қандай қәлем?
Көркине таңланар әлем,
Ләйли, Зулайха, Шасенем,
Бәлки зыят болған екен.

Төбелери көкке тийип,
Аналық мийрими ийип,
Ҳәр ҳаял бир-бирден сүйип,
Қыз мийирин қандырған екен.

* * *

Таң атыўға шамаласты,
Күн шығыўға жақынласты,

Қағылар тағы ойласты,
Шешим былай болған екен:

—Патша тағына мингенде,
Ҳәмме ўәзирлер келгенде,
„Кимде арыз бар?“—дегенде,
Зәриў барсын,—деген екен.

Зәриўди шақырып алды,
Түсиндирди болған ҳалды,
—Таўып еплеп итималды,
Хабарын бер,—деген екен.

—Бар патшаның сарайына,
Қара реңки үрейиие,
Перзентли болдың дегенде,
Патша турып не дер екен.

Аяғына басынды ур,
Тымсал сөздиң дузағын қур,
Сүйинши сора ҳәм қарап тур,—
Деп Зәриўге айтқан екен.

—Патшадан болса жаманлық,
Кетсе басыңнан аманлық,
Бар күшиңди сал да барлық,
Тез хабар бер—деген екен.

Зәриў буны макул көрди,
Дәрҳал етек-жеңин түрди.
Хан жатқан сарайға кирди,
„Арзымыз бар“—деген екен.

Бул кетистен Зәриў кетти,
Ўәзирдиң қасына жетти.
Келгенлигин баян етти,
Олар ҳәм қуўанған екен.

5

Басында тилла жығасы,
Жарқырап гүмис жағасы,
Хан қолында айбалтасы,
Тахтында отырған екен.

Қайта-қайта таўлап муртын,
Сөк жегендей үрип уртын,
Халыққа қаратып сыртын,
Патша тахта отырған екен.

Үстинде сары меллеси,
Бир қушақ болып сөллеси,
Қазы-кәланы ҳәммеси,
Бас ырғап отырған екен.

Бир гүналы батып қанға,
Хош айтысып шыбын жанға,
Темир ис кадалып санға,
Ол байлаўда турған екен.

Көзден ағып қанлы жасы,
Төменге салбырап басы,
Көз алдында ата-анасы,
Елес-елес турған екен.

Алалмай көз жасын тыйып,
Қол-аяғын арқан қыйып,
Тарығып, тар жерге сыйып,
Күтә азап шеккен екен.

Ийегинен жоқары илип,
Мойынынан қамшы тилип,
Тири емес, бәлки өлик,
Жан алқымда турған екен.

Бар екен ата-анасы,
Бузылғаннан соң ханасы,
Жетпей алтаға наласы,
Жетеклесип келген екен.

Оны патша киргизбеди,
Жалғыз улын көргизбеди,
Бир қасық суў бергизбеди,
Қысым етип қойған екен.

Шықты анасының зары,
Кетти перзенттиң димары,
Бүгежеклеп жылап ғарры,
Ханға арыз еткен екен.

Патша арызын тыңламай,
Гүнасыз жанды аямай.
Жанына реҳим қылмай,
Келгенин қыйнаған екен.

Патша сонда мойын бурды,
Жәлладлары тикке турды,
Ғарры менен кемпирди урды,
Қолларын байлаған екен.

Қан ақты ғарры, кемпирден,
Тийди бир таяқ жан жерден,
Шықтылар жанлары бирден,
Таяқ жаман тийген екен.

Жолатпай оны қалаға,
Еки өликти далаға,
Қарға жыйналған салаға,
Сол моҳәл таслаған екен.

Байлаўдағы сол гүнакар.
Оннан да бетер етти зар,
Енди өлмеске нем бар,—
Дийип ол ойлаған екен.

Енди жигит қәҳәрленди,
Күшин жыйнады, ширеленди,
Аркан үзилди, шешилди,
Қоллары босаған екен.

Қол аяғы босаған соң,
Сақшылардың алып тусын,
„Саған сыйлық усы болсын“,—
Деп биреўин урған екен.

Бир қылыш қолына түсти,
Исрапыл даўылдай ести,
Ўәзирдиң геллесин кести,
Ҳешким туталмаған екен.

Қызыл қанын суўдай шашты,
Патша турып тахтан қашты,
Қушағын өлимге ашты,
Қатты қорқып қалған екен.

Тутқын жигит күш бермеди,
Кескир қылышты сермеди,
Ҳеш бир жан шыдам бермеди,
Өз басын қорғаған екен.

Ғайратын көрсетип қатты,
Қырды қоршаған жәлладты,
Төбеде қылыш ойнатты,
Душпаннан өш алған екен.

Бар еди өзиндей болған,
Гүналы болып байланған,
Дарға асыўға тайынланған
Бир жолдасы турған екен.

Қарады аққан жасына,
Барды жуўырып қасына,
Берди қылыш жолдасына,
Байлаўдан босатқан екен.

Ол жолдасы қасына ерди,
Қылышты қынапта көрди,
Келген жаўға соққы берди,
Булдағы қарыўлы екен.

Келген жаўды шыдатпады,
Аяқ-қолын байлатпады,
Душпанның тиси батпады,
Алақласып турған екен.

Күш бермей барлық адамға,
Шықты жуўырып майданға,
Түспеди қайтып зинданға,
Өлимнен қутылған екен.

Қыстырып белге полатты,
Минип алды жүйрик атты,
Аралап сыбай елатты,
Булар қашып кеткен екен.

Қуўды кейнинен аламан,
„Усла!“ деп изде шуўлаған,
Кетти ләшкерлер неше сан.
Жеткени урысқан екен.

Женилместен еки батыр,
Музды шайнап ғатыр-ғатыр,
Қашып душпан сатыр-сатыр,
Шәҳәрине тығылған екен.

Қолы босанған жигитлер,
Жаўын женип сонда мәртлер,
Ханға түсип қайғы дәртлер,
Олар азат болған екен.

Сүйинши сорап келген Зәриў,
Қайтты кейнине ол дәрриў,
Қыйын болды хабар бериў,
Патшамыз қапалы екен.

Айта алмады Зәриў сөзин,
Қубарғты да қызыл жүзин,
Билип патшаның минезин,
Қырық қатынға келген екен.

Болған бул әжеп ҳәдийсти,
Еки батыр еткен исти,
Ҳеш көрмеген бундай күшти,
Ҳәммесине айтқан екен.

Албырасты барлық ҳаял,
Енди былай болды қыял,
—Зәриў, мынаған қулақ сал!
Деп сөзлерин айтқан екен.

—Тағы бар патша қасына,
Кир жәлладтың арасына,
Ис түскен ўақта басына,
Хан қуўанар—деген екен.

Хан куўанар перзентине,
Карамас берген сертине,
Жеткеннен соң нийетине,
Тезден келер—деген екен.

Басына түскендей дөҳмет,
Кетти Зәриў екинши рет,
Ақ отаўлардан шығып шет,
Патшасына жеткен екен.

Патша ашыўлы зәҳәрленип,
Муртын таўлап қәҳәрленип.
Айбат пенен тахқа минип,
Ғәзепли отырған екен.

Кеше өлген адамларын,
Тәрк етип қолында барын,
Ҳәр кимлерге айтып зарын,
Капа болып турған екен.

Барды Зәриў, басын ийди,
Арыз айтарын патша билди,
Не демекшисең, айт!—деди,
„Ҳәмме“ суўдай тынған екен.

Ҳей патшаҳым, келдим, сизге,
Қәҳәрленбе, шаҳым, бизге,
Қулақ салың айтқан сөзге,—
Деп Зәриў баслаған екен.

—Ҳақ көрди көзиңниң жасын,
Аяды сиздей бендесин,
Көрдиң перзенттиң қарасын,
Сүйинши берин,—деген екен.

Он бес күнлик айдай толдың,
Перзентсиз көп ўақыт солдың,
Ақ жарылқап қызлы болдың,
Шаҳым, сүйинши!—деген екен.

Деп Зәриў сөзин таўысты,
Ханның қыялы аўысты,
Қатты шығарды даўысты,
Жәллад жетип келген екен.

Жүре алмастай қылып жолын,
Байлады оның еки қолын,
Таяқтан үзилди жулын,
Көп ақырет берген екен.

Урды жәлладлар таяғын,
Кесеўдей етти аяғын,
Ҳәм де кестирди кулағын,
Сөйтип журдай еткен екен.

Патша жаман ашыўланды,
Қарт буўрадай қатыўланды.
Жутқызды тири жыланды,
Уў зәҳәрин жайған екен.

Деди жәлладларын жыйнап:
—Қатынларға барын жайлап,
Туўғанын өлтириң қыйнап!—
Деп буйрықты берген екен.

—Қызды туўған сол ҳаялды,
Оныңдай бузық қыялды,
Салып басына заўалды,
Тез келтирин!—деген екен.

Сол ҳақыта жәлладлары,
Келип бәриниң қәҳәри,
Жаймақшы болып зәҳәрин,
Ҳаялларға кеткен екен.

Зәриў турды орнынан,
Қан зиркиреп мурынынан,
Сүйретилип зордан-зордан.
Сарайдан тез кашқан екен.

Өлдим-талдым дегенде,
Жабығып жанын жегенде,
Арадан аз ўақ өткенде,
Ҳаялларға жеткен екен.

Қатынлар отыр хабарсыз,
Қызды кушақлап қайғысыз,
Болдық деп енди әрмансыз,
Кеўлин хошлаған екен.

Қатынлар көрди биреўди,
Таный алмады Зәриўди,
Оны бул ҳалда көриўди,
Олар ойламаған екен.

Сулыўлардың түси қашты,
Зәриўге қушағын ашты,
Қой қозыдай шуўласты,
Мәнисин сораған екен.

Зәриў сонда есин жыйып,
Ҳаўлығып, көз жасын тыйып,
Басын көтерип қылтыйып,
Ҳаяллардға айтқан екен:

—Бараман деп мүйиз сорап,
Хан алдында қалды қулақ...
Отырманлар босқа жылап,
Жасырынлар—деген екен.

Қалмайын деп қаныңызға,
Жеттим еплеп жаныңызға,
Берик болың Гүлимге, қызға,—
Деп Зәриў жылаған екен.

Қырқ перийзат тез жыйып ес,
Қас кабақтан қылды кенес,
„Қатын билгенди хан билмес"
Деген нақыл қалған екен.

Гүлимди тезден турғызып,
Қур менен белин буўғызып,
Бети-қолларын жуўғызып,
Дым билмеске салған екен.

Ҳаяллар ақыл асырды,
Қызды биржерге жасырды,
Ҳеш кимге билдирмей сырды,
Бир илажын көрген екен.

Сол жапсарға бақан қурды,
Оған бирин асылдырды,
Қасына жүўен кердирди,
Бар ырымын еткен екен.

Зәриўди орап көрпеге,
Жасырды қупия жерге,
Енди ҳеш ким туўды дерге,
Бир белги болмаған екен.

Қатынлар сыңқылдап күлип,
Не болғанын иши билип,
Сарайдың қапысын илип,
Ўағыр-шағыр болған екен.

Келди сол ўақыт жәлладлар,
Турды орнынан ҳаяллар,
Аўзын буўған малдай олар,
Үнсиз сақлап кирген екен.

—Қызды туўған қайсы ҳаял?
Алдымызға салың дәрҳал!
Асармыз дарға, итимал,—
Десип буйрық берген екен.

Сол ўақытта ҳәмме қатын,
Биреўиниң айтты атын,
Дүзеп ырым салтанатын,
Жәлладларға күлген екен.

—Ҳей, жәлладлар, беги—беклер,
Қуўыс геўдели еркеклер,
Көриң бул исти, геўеклер,—
Деп Ақбилек айтқан екен.

—Айтып барың ханымызға,
Ҳазар бермең жанымызға,
Сүйинши соратып жоқ қызға,
Сынап едик—деген екен.

—Инанбасаң қарап көриң,
Тапсаң бизге азап бериң,
Қыз туўғанды алып жүриң,—
Деп қатынлар айтқан екен.

Сол ўақытта келген жәллад,
Калды мойында жаманат,
Таппай ҳәзилден қыянет,
Ғырра изге қайтқан екен.

Қысым етти шыбын жанға,
Жәллад барып айтты ханға,
Хан муртынан күлип сонда,
Кеўли инаныш тапқан екен.

—Бардық, таксыр, ҳаялларға,
Күлки, болдық биз оларға,
Шаҳымыз қапа боларға,
Ҳеш дәрек жоқ—деген екен.

Жаксы ырым қылмақ ушын,
Ҳәм өтирик толғақ ушын,
Сизден көп зат алмақ ушын,
Сүйинши соратқан екен.

Жәллад усы сөзди айтып,
Патшаның кеўлин байытып,
Ҳаяллар бетке тез кайтып,
Анлыў ушын кеткен екен.

* * *

Жәлладлар келип кеткели,
Ҳаяллар тыным етпеди,
Арадан бир түн өткели,
Өз ғамларын жеген екен.

Сол күн түнде келип Зәриў,
Исине киристи дәрриў,
„Бул бәледен аман жүриў,
Ғанийбет дур"—деген екен.

—Билдик ханның қылар исин,
Қыз туўғанға қайрар тисин,
Оның жазасын ҳақ берсин,
Қор болмайық—деген екен.

—Қоймайық қызды бесикте,
Өлтирер ханъеситсе,
Турайын өзим есикте,
Пинҳам етиң—деген екен.

—Жер астынан таярлаң жай,
Тар болса ҳәм ол—кең сарай,
Өзге жанға сыр алдырмай,
Қызды сақлаң,—деген екен.

—Аўзын қыялап ояйық,
Төбесин беккем қылайық,
Төрине гәўҳар қояйық,
Жақты болсын,—деген екен.

—Ертели кеш барып Гүлим,
Емизип түрсын ақырын,

Қасында болайын өзим,—
Деп қул Зәриў айтқан екен.

—Атасына көринбесген,
Жаманлық исти билместен,
Ялған дүньяны көрместен,
Өссин шул қыз,—деген екен.

Сол ўақыттақырықбир ҳаял,
Мақул көрди буны дәрҳал,
Бул ислерге жетеди ҳал,
Деп ўәдесин берген екен.

—Айтқаныңыз рас, Зәриў,
Соны исләйик биз дәррәў.
Бундай ҳалларда күн көриў,
Бизге мүшкил—деген екен.

Есик, айнасы бәнт болған,
Иши жемислерге толған,
Жер астынан сәнлеп салған,
Бир жай барын билген екен.

Ҳәр жумада барып соған,
Ашық-машық бәзим курган,
Ҳаяллардан басқа адам,
Ол жайды билмеген екен.

Әне сол жайды жақсылап,
Төсегин ҳасыл паласлап,
Қырқ бир қатын кеўлин хошлап,
Алты гәўҳар қойған екен.

Қызды орады мамыққа,
Көрсетпей ҳасла халыққа
Салды бул жақты тамуққа,
Қыз күн көрмей өскен екен.

Жыйылды ҳаяллар тағы,
Таймай бастан дәўлет-бағы,
Мәсләҳәтлери сондағы,
Былайынша болған екен.

Орамал түйди, қой сойды,
Душпанлардың көзин ойды,
„Гүлзар“ деп қызға ат қойды,
Ҳәммеси жыйналған екен.

Жыйналғандағы ҳәммеси,
Усылай болды дәмеси,
„Гүлзар“ қойыўдың мәниси,
Ол мынадай болған екен.

Дүньяға келген таза гүл,
Шықбай атып байланды тил,
Гүлин излер зарлы бүлбил,
„Зары“ соннан болған екен.

Дүньяның жүзи тар болды,
Жаз күни—қыс ҳәм қар болды,
Кеўли хош емес, зар болды,
Десип „Гүлзар“ қойған екен.

Атын усылай деп қойды,
Жуўыртты да ақыл ойды,
Өзлеринше пинҳам тойды,
Сол жайда өткизген екен.

Ҳәмме қатын қушақ ашып,
Хошеметлер гүллер шашып,
Күндеслик арадан қашып,
Татыўлықта турған екен.

Сол күннен баслап сарайға,
Қараўыллап Гүлзар қызға,
Зәриў пақыр турды бәрҳа,
Қабағын шытпаған екен.

* * *

Қыз келбети мисли пери,
Айдан, күннен зыят түри.
Еки жыл өтти оннан бери,
Жүзи сарғыш тартқан екен.

Гүлзар екиге келгенде,
Арадан күнлер өткенде,

Муддетли ўақты жеткенде,
Зийўар жүкли болған екен.

Ол Гүлимнен үш жас киши,
Ол ҳәм көлдин аққуў қусы,
Күн сайын билинип иши,
Бул ис анық болған екен.

Буны сездирмей ҳеш кимге,
Жеттилер есаплы күнге,
Толғатты келип бир түнде,
Айы, күни толған екен.

Сарғыш ендирмей шырайға,
Апардылар пинҳам жайға,
Шүкир етисип кудайға,
Ҳәммеси жыйналған екен.

Бақан қурды, жүўен керди,
Түрме шалып белин буўды.
Зийўархан ҳәм бир қыз туўды,
Мүшкил ислер болған екен.

Бундай сулыў жоқ дүньяда,
Бәлким Гүлзардан зыяда,
Жуп қуралай бир уяда,
Күнди көрмей өскен екен.

6

Жыллардан жыллар өткенде,
Ҳәр ким ығбалын күткенде,
Наўрыз әйямы жеткенде
Гүллер ҳәм ашылған екен.

Гүлзар келди он бес жасқа,
Әнар келди он үш жасқа.
Зейин салып тумлы-тусқа,
Қапесин таныған екен.

Еки қыз келди Зәриўге,
—Не дейсең, ғажан, бизге,
Бир сөз бар айтарлық сизге,
Қулақ салын, —деген екен.

—Қупиялап дүнья өзин,
Көрсетпестен күннің көзин,
Гүнайымыз недур бизиң?—
Десип саўал қойған екен.

—Туўыппыз бизлер анадан,
Жатырмыз қапес ханада,
Бизди бул аўыр жазаға,
Ким гириптар еткен екен?

Бул дүньяға келгенимиз,
Гүнамыз ба, айтыңыз сиз?
Не ушын бундай болдық биз,
Жуўабын бер?—деген екен.

—Келсе инсан бул дүньяға,
Қапесте өспек лазым ба?
Айып ислеп я жазымда,
Қойғанбыз ба? —деген екен.

Зәриў үндемей турады,
Басы төмен салбырады,
Жуўап таппай албырады,
Ғарры жаман сасқан екен.

Бир мәҳәл ол тапты ойлап,
Бар ақылын мийге жыйнап,
Жуп сулыўдың басын сыйпап,
Бундай жуўап айтқан екен:

—Қапа болманлар, қызларым,
Сиз мениң қарар көзлерим,
Бийгүна жансыз өзлериң,
Бул тақыйық сөз деген екен.

Қапес емес бул жаныңыз.
Жәннет киби сарайыңыз,
Күн көрмек болса ойыңыз,
Ҳәўес етпең—деген екен.

Жер үстине жоллар узақ,
Жолға қурылған көп дузақ,
Жердиң үсти отлы дозақ,
Асты-жәннет...—деген екен.

Жер үстинде кайғы ғам көп,
Еки аяқлы ҳайўан көп,
Ҳәўес етпең жер үстин көп,
Аслы жақсы, деген екен.

Күн дегениң кибар[1] болар,
Көзиңизди қамастырар,
Туўра жолдан адастырар,
Қайт ырайдан,—деген екен.

Тымсаллап айтып сөзлерин,
Жубатты ғарры қызларын,
Ендиги гәптиң излери,
Жер үстине шыққан екен.

* * *

Қызлар қайтпады ырайдан,
Бул ислер, билсең, кудайдан.
Таң сәҳәрде капес жайдан,
Қос перийзат кеткен екен.

Адасқанын аңламады,
Зәриў қартты тыңламады,
Тәўеллеге ҳәм турмады,
Жер үстине шыққан екен.

Гүлзар айтты: „Хан қызымыз,
Еки гәўҳар жулдызымыз,
Көринис берсек өзимиз,
Хан куўанар„—деген екен.

Әнар айтты: Жыламаңыз
Не болур бизиң гүнамыз?
Хан атамызға барамыз,
Көп еглемең,—деген екен.

Гүлзар айтты сонда турып:
„Атажаным бизди көрип,
Баўырына басар келип,
Перзентлерин",—деген екен.

---

[1] Кибар—мийримсиз, мәккар деген мәниде.

Әнар айтты: „Хан қызларын,
Капесте сақлап өзлерін,
Сонша қапылған көзлерін,
Не ҳаққың бар“—деген екен.

Мақул көрди ҳәммелери,
Усылай болды дәмелери,
Тилегинде қалды бәри,
Қызлар шығып кеткен екен.

Сарайдың қапысын ашты,
Жер үстине қадем басты,
Көзи дүньяға қамасты,
Есеңкирап турған екен.

Бар еди әжайып бостан,
Ханға сейилгәҳ гүлистан,
Байтереклер сүзип аспан,
Бүлбил сайрап турған екен.

Таң атты десип сол заман,
Жатқанлар турды орнынан,
Еки сулыўдың нурынан,
Әлем жақты болған екен.

„Түнде ҳәм күн шыққаны ма?“
Деп журт ҳайран болды сонда.
Биразлар жығылып жолда,
Есинен айырылған екен.

Журт шуўлап изине ерди,
Екки гәўҳары шам көрди,
Екки гөззал әлам көрди,
Сулыўлығын билген екен.

Еки перий бағқа келди,
Қуяш шығар ўақта келди,
Шашырап шыққан күнди көрди,
Көзи шағылысқан екен.

„Шықпаң опасыз дүньяға,
Кириңлер қайтып уяға!“
Деген яңлы күн ҳәм сонда,
Әлаўланып жанған екен.

Бағ ишинде қадем басып,
Күнге көзлери қамасып,
Туура жолынан адасып,
Қызлар жүрип кеткен екен.

Сонда кимдур берди саўал:
„Жуп ғайбана саҳыбжамал,
Ушырды қайсындай самал,
Перисиз бе?“—деген екен.

Айтты Гүлзар: „Не сөзиңиз,
Жоқ па манлайда көзиңиз?
Бизлер патшаның қызымыз,
Пери емеспиз“—деген екен.

Арадан аз пурса өтти,
Бул сөз патшаға ҳәм жетти,
Хан қулағы ербең етти,
„Я әжеп!“,—деп турған екен.

—Мениң бостаныма келген,
Менсиз сейил етип жүрген,
Қай патшаның қызы екен?—
Деп куўанып турған екен.

Патша өзинше сүйинип,
Ғаррылығына күйинип,
Ҳасыл липасын кийинип,
Бағ аралап шыққан екен.

Келди де патша бағына,
Көз жиберди жан-жағына,
Шығып бул гәплер ҳағына,
Екки пәрий жүрген екен.

Патша қызға жақын келди,
Қыз „ата“ деп сәлем берди,
Патшаның ҳәўеси келди,
„Қуда берди“,—деген екен.

—Қутлы болсын сайраныңыз,
Шықты көрип ҳайранымыз,
Қайда болур мәканыңыз,
Айтың қызлар?—деген екен.

Гүлзар айтты: Есит ата,
Бағ сейлине келдик бунда,
Мәканымыз жер астында,
Билсең аны, —деген екен.

—Жаман сөз шықты тилиңнен,
Атаң айлансын гүлиңнен,
Қушпаға нәзик белиңнен,
Меилим бардур,—деген екен.

Гүлзар айтты: не теңиң гүл,
Арпа берсең атқа бергил,
Қызды берсең жаска бергил,
Көп алжыма,—деген екен.

Хан айтты, сөзден уттыңыз,
Перийден пәк саўлатыңыз,
Ким болды ҳаслы-затыңыз,
Баян етиң?—деген екен.

Әнар айтты: Еситиң сиз,
Бизди жолдан еглемеңиз,
Бизлер патшаның қызымыз,
Билсең, атам,—деген екен.

—Гәпине қара, бәтшағар,
Жер үстинде бир патша бар,
Жер тейиндеги патшалар,...
Жайы жәннет,—деген екен.

—Болмасын ҳеш кеўил кири,
Ерси бул гәпиңниң түри,
Хан атамыз бизиң тири,
Өзиң өлиң,—деген екен.

—Тири болса хан атаңыз,
Жақсы көрген жан атаңыз,
Болды не гүна, хатаңыз,
Не сырың бар?—деген екен.

—Жолды босат, алжыған карт!
Тергей бермей тилиңди тарт,
Атамыз әдил ҳәмде мәрт,
Гүнамыз жоқ,—деген екен.

—Алар едим атаң сатса,
Жуп пери қасымда жатса...
Мен билмеген қандай патша,
Не кәралы?—деген екен.

—Бул сөзиң, ата, әсидур,
Мәзи кеўил намасыдур,
Усы елдиң патшасыдур,
Бизиң атам,—деген екен...

—Тәәжүпдүр ғалет сөзиң,
Жанымды алар шаҳла көзиң.
Бул елдиң патшасы өзим,
Сандаламаң деген екен.

Еки сулыў албырасты,
Куўанғаннан аңы қашты,
„Атажан!“ деп қушақ аштыы,
Өз атасын көрген екен.

Гүлзар айтты: Кешир, ата,
Билместен сөйледик хата,
Сен—нар болсаң, бизлер-бота,
Перзентиңбиз деген екен.

Әнар айтты: Болсаң аңлар,
Қызы атаға интизар,
Бизди көрсетпей залымлар,
Қапесте саклаған екен...

Еситкенде бул сумлықты,
Патшаның үни туншықты,
Иштен ашыўға буўлықты,
Жат қыялға кеткен екен.

Оралғандай еки жылан,
Хан сескенип кетти жаман,
Берген сертини сол заман,
Патша еске алған екен.

Қасарған жерден кан алмай,
Патша болғанбекен сондай!
Өз перзентлерин тән алмай,
Патша юз үгирген екен.

Қызлар қушып аяғынан,
Асылғанда шалғайынан,
Ол ийтерип маңлайынан,
Өз қызынан безген екен.

—Қыздан маған перзент болмас,
Тахтыма ийелик қылмас,
Патшалар екки сөйлемес,
Серт еткенмен,—деген екен.

Өсипти қапес уяда,
Болса ҳәм ҳүрден зыяда,
Сулыўлар аз ба дүньяда?
Куртың көзин!—деген екен.

Апарынлар тез тоғайға,
Елден аўлақ пинҳам жайға,
Еккисин бир торанғылға,
Дарға асың!—деген екен.

Бул исти ҳеш ким билмесин,
Изимде тири қалмасын,
Өлгенин көзим көрмесин,
Сертим бардур,—деген екен.

„Атажан!"—деп екки пери,
Зар енирип турған жери.
Суп-сур болып ханның түри,
Мийирими келмеген екен.

Патша кетти, қызлар қалды,
Кеўиллерде музлар қалды...
Жәлладлар алдына салды,
Хан ҳәмири болған екен.

7

Жәйҳун дәрья жағасында,
Қалың тоғай арасында,
Ор казған айналасында,
Бир қорғанша турған екен.

Кек алыўға болып қатыл[1],
Ҳәр бири Рустемге татыр,
Ханнан қашқан еки батыр,
Бунда мәкан тутқан екен.

Патшаның көзинен аўлақ,
Үстине кийгени туўлақ,
Кийик атып, қулан аўлап,
Күн кеширип жүрген екен.

Күнлерден бир күн өткенде,
Қалың тоғайға жеткенде,
Сәккиз жәллад, еки бенде,
Киятқанын көрген екен.

Бенде емес, еки ҳүрди,
Еки батыр анық көрди,
Тораңғылға жәллад минди,
Дар жибин таслаған екен.

Қанлы жас қуйып қойнына,
Қаран қанқордың ойынына,
Жуп сулыўдың ақ мойнына,
Дар жыланын салған екен.

Егленбеди еки батыр,
Саўаш болды сатыр-сатыр,
Жәлладлар албырап атыр,
Саў қалғаны қашқан екен.

Жуп арыслан жаўға тийип,
Бул қорлықтан иши күйип,
Қылышлап дар жибин қыйып,
Қызларды қутқарған екен.

Еки сулыў жыйды есин...
Мен созбайын ендигисин.
Еки арыслан екисин
Ҳақ некалап алған екен.

[1]Қатыл – қанлы кек алыўшы қандар мәнисинде.

Ҳәммеси ўақтын хошлады,
Нар тәўекел ис баслады,
Елден көп ләшкер топлады,
Даўыл киби турған екен.

Интимаклы бир ис қылды,
Хан үстине жүрис қылды,
Алпамысдек урыс қылды,
Хан ләшкерин қырғаи екен.

Қорыққаны қалаға қашты,
Ийт бығырлы, пышық басты,
Дәрўазаны бузып ашты,
Кола менен қуйған екен.

Карсы шыққанын өлтирди,
Мәртин тәўбеге келтирди,
Хан сарайға басып кирди,
Патша жаман сасқан екен.

Кайыл болмай бул өлимге,
Жасырынып жатқан жеринде,
Патшаны услап төринде
Қарқыратып шалған екен...

* * *

Көп күн капесте олтурдум,
Хат етип қағаз толтырдым,
Мен ҳәм ошбу ис питирдим,
Алла рәҳим қылған екен.

Шайыр ҳәм билгенин жазар,
Патшасы йетирсе ҳазар,
Пухарасы азып—тозар,
Ойинсаплық жаман екен.

Ҳүкимдары муртын таўлап,
Сум нәпсиниң кеўлин аўлап,
Ылақ маңырап, қозы шуўлап,
Журты ўайран болған екен.

Ел менен шалқып жүрмедим,
Дәўран атыны сүрмедим,

„Дүнья-дүнья“ деп жүргеним,
Бир беш күнлик ялған екен.

Күлфәт қасиринде қарыдым,
Султан Сүйин, Муралыдин,[2]
Шаҳыў—гәданың бәридин,
Дүнья изде қалған екен.

Жүтим алып кәрўан кетти,
Енди бизге нәўбет жетти,
Бердимурат, сөзиң питти,
Дәстан тамам болған екен.

[1] Күлфәт қасри—қайғы-ғам сарайы яғный жалғаншы дүнья, қайғы турмыс деген мәниде.
[2] Султан Сүйин, Муралы—Ҳусейин Байқара, Алишер Наўайы.